



Pou Piblikasyon Imedya: 05/02/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**SIPÒTE SEKOURIS YO: GOUVÈNÈ HOCHUL DEWALE REZILTA EVALYASYON
BEZWEN SANTE MANTAL POU PREMYE SEKOURIS ETA NOUYÒK LA**

*Evalyasyon inik lan montre ke plis pase mwatye nan premye sekouris yo fè
eksperyans gwo nivo estrès, epuizman ak pwoblèm sante mantal*

*DHSES ak SUNY New Paltz pral prezante rezilta yo nan konferans anyèl
asosyasyon jesyon ijans NYS la nan Syracuse 12 fevriye*

*Bati sou efò kontinyèl Gouvènè Hochul ap fè pou elaji sèvis sipò pou fòs lòd yo
ak pèsonèl premye liy yo*

Plis pase 6,000 sekouris te patisipe; li evalyasyon konplè a [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te devwale rezilta evalyasyon bezwen sante mantal premye sekouris Nouyòk la. Yo te devlope evalyasyon an pou pi byen konprann defi ki gen rapò ak sante mantal moun k ap travay nan domèn sekirite piblik yo ap fè fas ak ranfòse pwogram ak sèvis pou pwofesyonèl sa yo. Plis pase 6,000 moun nan fòs lòd la, sèvis medikal ijans, sèvis ponpye, kominikasyon ijans ak jesyon ijans ki soti nan chak rejyon nan Eta a te ranpli yon sondaj anonim volontè, epi yo te òganize senk diskisyon swivi an gwoup. Evalyasyon an te montre plis pase mwatye nan patisipan yo fè eksperyans nivo estrès ki wo, epuizman, enkyetid ak depresyon ki gen rapò ak travay yo, epi ke yo ka pa chèche èd akòz pèrez pou yo fè fas ak estigma. Nan kad Disku Eta Leta 2025 la, Gouvènè Hochul te anonse [nouvo inisyativ pou pwoteje ak sipòte premye sekouris Nouyòk yo](#), ki gen ladan lanse yon pwogram bousdetid pou konsèy premye sekouris yo pou kreye yon rezo pwofesyonèl sante mantal ki dirab ki ekipe inikman pou sipòte kominote sekouris yo.

"Premye sekouris nou yo ale odela tach yo pou pwoteje kominote nou yo — byennèt pa yo se yon refleksyon fòs kolektif nou an, epi nou dwe fè tout sa nou kapab pou sipòte yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen te kòmanse evalyasyon bezwen sante mantal premye sekouris yo pou ede abòde ak atake davantaj kriz sante mantal nan mitan premye sekouris nou yo, epi mwen angaje pou kontinye kraze baryè pou pran swen yo epi bay yo resous yo bezwen yo."

Nan rekonèt defi inik sante mantal premye sekouris yo fè fas ak li, Gouvènè Hochul te anonse plizyè nouvo inisyativ ki vize pou sipòte ak pwoteje premye sekouris yo. [Gouvènè Hochul te pwopoze lanse yon pwogram bousdetid nan oryantasyon pou sekouris yo](#) atravè Inivèsite Eta Nouyòk (State University of New York, SUNY) ki ta ede fèmèn twou vid ki genyen nan swen akòz mank konseye ki abitye ak kominote sekouris yo. Baryè finansye yo souvan anpeche yo pouswiv diplòm yo, ki limite disponiblite pwofesyonèl sante mantal ki konpetan sou plan kiltirèl yo. Inisyativ sa ap sipòte sekouris yo pou pouswiv diplòm konsèy yo epi ofri mikwo akreditasyon nan domèn tankou swen ki konsidere twomatis ak lidèchip nan soutyen ant kamarad. An retou de yon bousdetid, benefisyè yo ap angaje pou sèvi kòm konseye nan Eta Nouyòk, k ap kreye yon rezo pwofesyonèl sante mantal ki ekipe sèlman pou sipòte kominote sekouris la.

Gouvènè Hochul konprann tou mank anplwaye ka mennen nan ogmantasyon defi nan sante mantal premye sekouris yo. Se poutèt sa li te pwopoze nan kad Diskou Eta Leta 2025 li a pou elimine baryè demode nan rekritman sekirite piblik ki limite kapasite ajans sekirite piblik yo pou atire kandida ki kalifye yo, eksepte moun ki gen eksperyans ki valab epi agrave rate pèsonèl la. Gouvènè Hochul pral modènize règ pwofesyonèl yo pou ogmante pakou pou kandida ki kalifye yo. Sa genyen ladan l, ogmantasyon laj retrèt nan Polis Eta Nouyòk pou pase a 63 epi retire restriksyon limit laj 35 an maksimòm pou rekritman nan fòs lòd la, epi pèmèt moun ki pa rezidan Nouyòk yo aplike pou pozisyon ofisye koreksyonèl. Chanjman sa yo ap asire ke ajans yo ka tire nan yon resous aplikan ki pi gran.

Anpil Nouyòkè fè fas tou ak baryè pou pouswiv karyè nan sekirite piblik akòz pwogram fòmasyon ki pa byen aliyen epi opòtinite pou avansman limite. Gouvènè Hochul ap fè patenarya ak SUNY ak City University of New York (CUNY) pou bay kredi akademik pou pwogram fòmasyon nan sekirite piblik epi entegre kredi sa yo nan pakou diplòm yo. Efò sa yo ap atire plis kandida nan karyè sekirite piblik yo epi bay opòtinite pou avansman pou sila yo k ap travay aktyèlman nan sekirite piblik.

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta Nouyòk la, Jackie Bray, te deklare, "Premye sekouris yo ekspoze a sitiyasyon ki lakoz twomatiz nan kad tach yo chak jou, sa ki mennen nan pwoblèm sante mantal ki afekte lavi pèsonèl ak pwofesyonèl yo. Evalyasyon sa a te ban nou apèsi enpòtan sou defi espesifik yo fè fas a epi l ap ede nou ba yo resous yo bezwen pou ede jere estrès sa yo."

Doktè Ann Sullivan, ki se Komisè Biwo Sante Mantal nan Eta Nouyòk, te deklare, "Konprann estrès ekstrèm ak chòk kimilatif premye sekouris nou yo anjeneral eksperimante nan travay la se yon pwèn depa ki enpòtan apil pou nou abòde epuizman ak lòt enpak negatif yo rankontre. Sondaj sa a ak diskisyon an gwoup ki vin apre yo te ba nou enfòmasyon enpòtan pou oryante efò nou yo pou sipòte bezwen sante mantal kominote premye sekouris yo ak fanmi yo."

Men kèk nan rezilta kle rapò a:

- Plis pase de tyè premye sekouris yo (68 pousan) te fè eksperyans **estrès**, apre ou jwenn **epeizman** (59 pousan) ak **enkyetid** (52 pousan).
- Yon majorite premye sekouris yo rapòte ki te fè eksperyans sentòm ki asosye ak **depresyon** kondisyon sante mantal (53 pousan) ak apeprè 4 nan dis premye sekouris yo te fè eksperyans sentòm ki asosye ak kondisyon sante mantal **PTSD** (38 pousan).
- Yo te rapòte **panse swisid** pa 16 pousan premye sekouris yo, ki kat fwa pi wo pase popilasyon jeneral Eta Nouyòk la.
- Plis pase 90 pousan rapòte ke sèvis tankou **terapi endividyèl, terapi pou koup ak familyal, ak gwoup sipò ant kamarad** ta ede amelyore sante mantal premye sekouris yo, si yo te gratis epi fasilman aksesib.
- Sepandan, 80 pousan te rapòte ke **estigma** se yon gwo baryè pou chèche èd, epi 78 pousan te site ke yo pa rekonèt bezwen èd kòm yon baryè, epi 75 pousan rapòte mank founisè sante mantal ki konprann bezwen premye sekouris yo kòm yon baryè. Anplis de sa, 72 pousan rapòte enkyetid konsènan konfidansyalite.
- **Pèsonèl kominikasyon ijans** yo te gen pi gwo to an tèm strès ak enpak sante mantal parapò ak lòt okipasyon premye sekouris yo.

Robin Jacobowitz, Direktè Pwojè Edikasyon nan Benjamin Center nan SUNY New Paltz, te deklare, "Nou vle ekspri rekonesans pwofon nou an bay plis pase 6,000 premye sekouris atravè Eta Nouyòk ki te bay tan yo ak opinyon yo pou etid sa a. Nou konnen li pa toujou fasil pou pale de sante mantal, sitou nan yon kontèks pwofesyonèl. Volonte w pou diskite ide w, eksperyans, ak defi w yo ede fè pwoblèm enpòtan sa a parèt akè epi li pral ankouraje efò entèajans nan tout eta a pou amelyore estrikti sipò pou premye sekouris Nouyòk yo."

Directè Egzekitif Enstiti pou Sante Mantal nan ka Katastwòf nan SUNY New Paltz, Amy Nitza, te deklare "Evalyasyon sa a dokimante non sèlman gwo chaj travay la genyen sou premye sekouris yo, men tou, gwo baryè yo rankontre pou jwenn èd yo bezwen an. IDMH pran angajman pou l kolabore ak patnè nou yo atravè Eta Nouyòk, ki gen ladan sekouris yo yo menm, pou retire baryè sa yo epi asire ke tout premye sekouris nou yo gen aksè ak sipò ak swen ki pèmèt yo kontinye sèvi kominote yo byen."

Evalyasyon an te komisyone pa Divizyon Sekirite Enteryè a ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) Eta Nouyòk la epi li te fèt pa Inivèsite Eta Nouyòk (SUNY) nan Enstiti pou Sante Mantal nan ka Katastwòf (Institute for Disaster Mental Health, IDMH) New Paltz ak nan Benjamin Center.

Gouvènè Hochul te anonse lansman sondaj la [avril pase a](#) kòm yon pati nan plan konplè 1 milya dola li pou revize [kontinite swen sante mantal la](#), epi DHSES [te mete aksan sou rezilta preliminè](#) nan mwa me a. Premye rezilta evalyasyon an te montre ke 80 pousan nan sondaj yo te fè eksperyans enpak negatif sou lavi familyal yo akòz travay yo, pandan ke 79 pousan rapòte enpak negatif sou sante fizik ak 72 pousan te site defi ak relasyon familyal.

Kòm rezilta sondaj la, Eta Nouyòk ap travay pou idantifye ak avanse yon varyete efò byennèt. Pa egzanp, nan kad Diskou Eta Leta 2025 li a, Gouvènè Hochul [te devwale yon kantite pwopozisyon](#) ki vize pou sipòte premye sekouris yo, youn ladan yo enkli lanse Pwogram Bousdetid nan Oryantasyon pou Sekouris yo atravè SUNY. Anplis de sa, DHSES, Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) Eta Nouyòk ak lòt ajans yo ap kontinye travay pou idantifye epi ofri opòtinite fòmasyon ki gen rapò ak byennèt pou premye sekouris Eta Nouyòk yo. DHSES ak OMH ap fè patenarya tou pou devlope yon fòmasyon sou konpetans kiltirèl premye sekouris yo pou pwofesyonèl sante mantal yo.

Resous sante mantal pou ede premye sekouris yo

Premye sekouris ki gen detrès sante mantal ka chèche sipò nan men yon kantite resous ki disponib yo.

Sa ki pi enpòtan, moun ki eksperimente lide swisid oswa ki gen nenpòt lòt kalite kriz sante mantal ka rele, voye tèks oswa tchat ak Liy Asistans 988 Eta a kont Swisid & Kriz. 988 konplètman gratis, konfidansyèl epi li disponib 24/24, 7/7. Jere pa OMH, nenpòt moun ki bezwen sèvis oswa ki enterese aprann plis sou liy dirèk la ka vizite sit entènèt yo a nan <https://omh.ny.gov/omhweb/crisis/988.html>.

Anplis de sa, Sant Prevansyon kont Swisid OMH la òganize yon inisyativ ki rele CARES UP ki konsantre sou amelyore sante mantal ak byennèt fòs lòd yo, ponpye yo, pèsònèl sèvis ijans ak veteran yo. Aprann plis nan <https://nycaresup.com>.

DHSES te kolabore ak OMH pou elaji [Repons Sante Mantal nan ka Katastwòf](#) eta a, ki gen ladann ekip pwofesyonèl ki gen lisans ak volontè eta ak lokal ki resevwa fòmasyon pou bay konsèy pou kriz ak lòt sèvis sante mantal bay moun ak sekouris ki afekte nan ka katastwòf ak lòt sityasyon kriz yo.

DHSES te travay avèk Enstiti pou Sante Mantal nan ka Katastwòf (IDMH) nan SUNY New Paltz pou kreye yon Mendèv Jesyon Estrès pou ede premye sekouris yo ak lòt pèsònèl sekirite piblik yo pi byen idantifye, konprann ak jere estrès. Aatelye ki okòmansman te devlope pou anplwaye DHSES yo, te elaji pou yo enkli lòt ajans Eta ak lokal yo. DHSES ap elaji fòmasyon tou nan Sant Fòmasyon pou Preparasyon Eta a (State Preparedness Training Center, SPTC), pou enkli fòmasyon ekip sipò ant kamarad. Ekip sipò ant kamarad yo konpoze de moun ki te resevwa fòmasyon espesifik pou bay kamarad yo sipò emosyonèl, sosyal ak pratik, lè sa nesesè. Yo souvan itilize ekip sipò ant kamarad nan òganizasyon sekirite piblik yo pou ede moun fè fas ak estrès ki gen rapò ak travay yo epi swiv ensidan enpòtan yo. DHSES nan pwosesis tou pou kreye yon Ekip Sipò ant Kamarad pou sèvi kòm yon resous pou anplwaye ajans yo ak potansyèlman lòt òganizasyon premye sekouris yo. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou fòmasyon ki disponib sou [sitwèb DHSES la](#).

Enfòmasyon sou Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans la ofri direksyon, kowòdonasyon ak soutyen pou anpeche, pwoteje kont, prepare pou, reponn a, rekipere apre, epi diminye katastwòf

ak lòt ijans. Pou plis enfòmasyon, swiv @NYSDHSES sou Facebook, Instagram, ak X
oswa vizite <https://www.dhSES.ny.gov>.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)